**दिन–रविवार** **दिनांक–31.05.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ आकाशवाणी सँ मन की बात कार्यक्रम मे देश–विदेशक लोक सभक संग अपन विचार साझा कयलनि। मन की बात कार्यक्रमक ई एक सय चौंतीसम कड़ी छल। प्रधानमंत्री देशवासी लोकनि सँ भीषण गर्मी कँ लऽकऽ एहि दिन मे अत्यधिक सावाधानी बरतबा आ सरकारी दिशा–निर्देश सभक पालन करबाक अपील कयलनि। ओ लोकसभ कँ पर्याप्त मात्रा मे पानि पिबा आ रौद सँ बचबाक उपाय कऽकऽ घर सँ बाहर निकलबाक सलाह देलनि। प्रधानमंत्री कहलनि जे गर्मी सँ राहतिक लेल आम पन्ना, छाछ, लस्सी, सतूआ, सरबत, बेल पन्ना, पनाकम, नीर मोर, सांभरम, कोकम सरबत आ सोल कढ़ी केर सेवन करब उपयोगी अछि। ओ कहलनि जे ई पेय पदार्थ एक भारत श्रेष्ठ भारत केर भावना कँ देखबैत अछि आ एहि मे पीढ़ी सभक अनुभव समाहित अछि।

---

प्रधानमंत्री कहलनि जे सरकार देशक अमूल्य धरोहर सभक संरक्षण लेल प्रयासरत अछि। ओ जनौलनि जे ज्ञान भारतम अभियानक तहत छत्तीसगढ़ केर मल्हार मे छठम–सातम शताब्दी केर पांडु वंशक महर्षि बलार्जुन सँ जुड़ल दुर्लभ तांबाक तीन गोट प्लेट सेहो भेटल अछि। प्रधानमंत्री झारखंड केर राजधानी रांची मे आयोजित राष्ट्रीय वरिष्ठ एथलेटिक्स महासंघ प्रतियोगिताक चर्चा कयलनि। एहि मे लगभग आठ सय एथलीट भाग लेने छलाह। श्री मोदी गुरिंदर वीर सिंह, विशाल टी.के, तेजस्विन शंकर, देव मीना आ कुलदीप कुमार कैँ चारि राष्ट्रीय रिकॉर्ड तोड़बा पर बधाइ देलनि। ओ एक सय मीटर दौड़ मे रिकॉर्ड तोड़यवला गुरिंदर वीर सिंह आ अनिमेष कुजूर सँ गप सेहो कयलनि।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री कहलनि जे खगोल विज्ञान देशक सभ पीढ़ी मे जिज्ञासा जगौलक अछि। ओ कहलनि जे खगोल विज्ञान देश मे तेजी सँ लोकप्रिय भऽ रहल अछि। श्री मोदी युवा लोकनि सँ खगोल विज्ञान क्लब मे सम्मिलित होयबाक आ छुट्टी केर दरमियान तारामंडल देखबाक अपील कयलनि।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री जनौलनि जे नमामि गंगे अभियानक तहत बनाओल गेल भारतक पहिल गंगा डॉल्फिन बचाव एंबुलेंस महत्वपूर्ण भूमिका निमाहलक। श्री मोदी कहलनि जे गंगा डॉल्फिन संरक्षण सँ नदीक जैव–विविधता आ अमूल्य प्राकृतिक धरोहर केर संरक्षण सेहो होयत अछि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक मन की बात कार्यक्रम कँ सुनलनि आ कार्यक्रम मे विशेष रूप सँ बिहारक उल्लेख कयल जयबा पर प्रधानमंत्रीक प्रति आभार जतौलनि। मुख्यमंत्री कहलनि जे कार्यक्रम मे भीषण गर्मी सँ बचावक लेल बिहारक पांरपरिक पेय सतुआ आ प्रसिद्ध जर्दालु आम केर उल्लेख करब राज्यक विशिष्ठ पहिचान कँ राष्ट्रीय स्तर पर प्रदर्शित करैत अछि। श्री चौधरी कहलनि जे प्रधानमंत्री द्वारा बिहारक समृद्ध सांस्कृतिक विरासत, स्थानीय उत्पाद आ जन–जीवन सँ जुड़ल विषय सभक उल्लेख राज्यवासी लोकनिक लेल गर्व आ सम्मानक विषय अछि।

———————————————————————

एडमिरल कृष्णा स्वामीनाथन आइ सत्ताईसम नौसेना प्रमुखक कार्यभार ग्रहण कयलनि। ओ एडमिरल दिनेश के. त्रिपाठी केर स्थान लेलनि अछि। कार्यभार ग्रहण कयलाक बाद श्री स्वामीनाथन कहलनि जे चुनौतीपूर्ण, जटिल आ अनिश्चितता सँ भरल परिवेश कँ देखैत नौसेना सक्रिय रूप सँ तैनात अछि। ओ कहलनि जे नौसेनाक आधुनिकीकरण कयल जा रहल अछि आ एकरा श्रेष्ठतम स्तरक युद्ध क्षमता सँ लैस कयल जायत। एहि अवसर पर निवर्तमान नौसेना प्रमुख एडमिरल दिनेश के. त्रिपाठी कहलनि जे देशक नौसेनाक नेतृत्व करब हुनका लेल सम्मानक गप रहल अछि।

———————————————————————

आईपीएल दू हजार छब्बीस केर खिताबी मोकाबिला आइ अहमदाबादक नरेंद्र मोदी स्टेडियम मे खेलाओल जायत। फाइनल मैच मे पछिला बेरक विजेता रॉयल चौलेंजर्स बेंगलुरु केर सामना गुजरात टाइटंस सँ होयत। दुनू टीम पूरा टूर्नामेंट मे शानदार खेल देखबैत फाइनल मे जगह बनौलक अछि। ई महा–मोकाबिला आइ सांझ साढ़े सात बजे सँ शुरू होयत।

———————————————————————

प्रदेशभरि मे पछिला चौबीस घंटाक दरमियान मौसम शुष्क बनल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे सैंतीस दशमलव एक डिग्री सेल्सियस अधिकत तापमानक संग कैमूरक भभूआ प्रदेशक सभ सँ गर्म स्थान रहल। मौसम विभाग अगिला चौबीस घंटाक दरमियान प्रदेशक उत्तर–पूर्व भागक किछु ठाम बरखाक संभावना जतौलक अछि।

————————————————————————————

अररिया जिला मे पुलिस छापेमारी अभियान चला कऽ फराक–फराक क्षेत्र सभ सँ नओ सय लीटर देशी–विदेशी शराबक संग एकतालीस गोटे कैँ गिरफ्तार कयलक अछि।

————————————————————————————

समाप्त